Nomer 5 — Salasa 31 Juli 1928 (12 Sapar 1347) — Taoen ka 5

Pembantoe sareng agen: Priangan koelon: Bestuur Pasoendan Bogor. — di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer. — Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Serat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis. — Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan Soerabaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA

Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.

LANGGANAN. 3 sasih . . . . f 1,50 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

Pangaos ADVERTENTIE: Sakali moeat sadjadjar sakolom 30 sen paling saeutik 10 djadjar sakolom. Dibajar ti pajoen. Langganan langkoeng mirah.

## Sabalikna.

Lamoen aja sora ti bangsa oerang noe njeboet—njeboet, jen roeksakna kahiroepan bangsa oerang koe datangna kaom modal ti loear—oepamana diseboetkeun tiwoe teh ngadesek oerang priboemi—geus tara gagal deui waloenan ti ditoe teh njalahkeun panjeboet oerang sarta salawasna ngakoe, jen koe ajana roepa roepa kontrakan—woedjoedna modal ti loear—kahiroepan oerang tambah senang, rahajat tambah rahardja.

Koe lantaran doea pihakanana pada katalian koe kaperloeanana, tangtoe salawasna paakoe-akoe. Ieu njeboetkeun diroeksak kahiroepan, itoe keukeuh magah nambahan rahardjana rahajat. Hese noe pimoetoeseunana. Walanda da poegoeh Walanda, oerang atoeh nja poegoeh oerang.

Katjida pisan atohna, ajeuna aja timbanganana djelema noe pada ngakoe kaloehoengan elmoena tina bab economie toer noe teu kasoep ka ditoe, teu ka oerang. Malah moen rek beurat sabeulah tea mah, meureun njabeulah ka ditoe, ka Walanda, da poegoeh dihenteu-henteu oge sabangsa, pada Eropean. Djelema noe ditoedjoel koe koering di loehoer nja eta toean *Emil Helfferich* oerang Djerman. Andjeunna sanggeus 30 taoen boeniaga di oerang, rek moelih ka bali geusanna ngadjadi.

Samemehna angkat aja wakil Aneta, noe menta timbanganana eta toean tina hal roepa roepa kaajaan di oerang.

Tjeuk toean Helfferich memang katjida anehna di tanah noe sakieu beungharna, nagarana (rahajatna) bet malarat.

Memang teu beunang dibantah deui kaoentoenganana roepa roepa kontrakan djeung maskape—djaba ti maskape dagang—eta boeahna kagetolan rahajat, djeung kabeungharanana taneuh. Kontrakan djeung rahardjana rahajat memang pohara patjoroknа. Tapi model pisan, ari kontrakan *pohara tambah madjoena*, ari karahardjaan rahajat priboemi *lain bae teu madjoe, tapi loba moendoerna*. Ieu kadjadian geus moal beunang disimboetan. Angger keneh bae djelema, ti Djawa, leuwih moerah batan mesin.

Kamadjoeanana somah djeung priboemi beunang diibaratkeun kana mobil model baroe, noe tingsoereewoek di djalan djalan noe sakitoe araloesna, djeung mangreboe reboe oerang priboemi, kolot boedak, awewe lalaki noe ambarikoet: ngais, nanggoeng, njeker ngalampahan perdjalanan noe sakitoe djaraoehna.

Si Priboemi teu njahoeun, maranehanana gede gawena, oge teu ngartieun, kaajaan maranehanana. Memang tatanen teu matak djadi kamadjoean rahajat.

Bagian gede ti rahajat priboemi hiroepna pohara keneh basadjanna (teu loba kaperloeanana); tah nja ieu noe djadi dadasar hedjo lembokna, leubeut boeahna modal piloearan noe aja di Indonesia. Poegoeh pisan koe ajana modal ti loear ngalobaan pakoelian, tapi ari matak madjoe karahardjaan oerang priboemi mah heuteu. Kapan koe papariksaan pamarentah oge, sawatara taoen katoekang, geus ditetelakeun. Noe aja dina laporan laporan komisi tina hal pangasilan rahajat, boeroehan (loonen), hoetang hoetang djeung beuratna padjeg, teu matak djadi goemtira. Ti semet taoen 1913, oepama diitoeng hoeloe, oerang priboemi kabogana sama sakali teu nambahan.

Geura seug ari dibandingkeun djeung nambahan kabogana maskape maskape, ti semet taoen 1913. „Handelsvereeniging Amsterdam" woengkoel dina djero taoen 1925/1927 geus nambahan kakajaanana f 27.000 000 Eta teh saroea djeung djoemblahna hoetang oerang P. Djawa dina panoetoepan taoen 1924.

Lain bae bangsa priboemi, tapi oge noe sedjen, teu daraekeun ngoempoelkeun modal. Ari doeit ti Indonesia maboer kaloear. Dipake ngarenten, dividend, tantièmes djeung pangsioen. Kitoe deui oenggal taoen oerang priboemi mawaan doeit ka loeareun Indonesia lantaran sok ka Marekah tea. Walanda djeung Tiong Hoa noe geus baleunghar sok baralik ka nagrina. Atoeran tjara di Amerika, meulian aandeel, soepaja oelah nepi ka doeit maboer. teu aja, da teu aja doeit tea. Tanah noe sakieu ma'moerna nepi ka teu boga kakajaan pikeun ngoeroes nagara sakoemaha mistina pikeun kaperloean nagara.

Tetela pisan bener sakoemaha paomongan djelema „tanah beunghar, nagara malarat".

Hoetangna nagara leuwih ti sareboe malioen roepia oenggal taoen hese pisan njotjogkeun kaloearan djeung pangasilan babroeting nagara. Loba noe njalahkeun, madjar pamarentah loba teuing ngaloearkeunana doeit. Teu aja ari noe naujakeun pamarentah kakoerangan henteuna nampa pangasilan, anoe mistina, noeroet kaadilan koedoe katampa.

Leuwih ti sakieu beuratna padjeg keur oerang priboemi taja petana bisa. Tapi bati maskape maskape noe ditjokot ti Indonesia lolobana teu kapadjeg, lantaran noe baroga kaoentoengan tjitjingna lain di dieu. Djadi majarna padjeg pangasilan teh ngan di tempat tjitjingna tae. Naha lamoen kitoe djalanna kira kirana Indonesia bisa ngoeroeskeun kaperloean oemoem noe sapantesna, babakoena keur ngamadjoekeun oerang priboemi?

Djadi perloe ngajakeun deui padjeg-saoer toean Helfferich—tapi lain pikeun maskape maskape djeung djelema djelema noe araja di dieu.

Noeroetkeun taksiran kaom modal kaoentoengan maskape maskape piloearan noe patoet dipadjeg dina taoen 1924 aja f 490.000.000 — djeung dina taoen 1925 aja f 530.000.000. Noe katampa padjegna di dieu (vennootschapsbelasting) kira kira 12½% djeung padjeg pangasilanana noe narampa tantiemes djeung aandeelhouders noe aja di dieu. Ari gegedena mah malajar padjeg pangasilanana teh di loeareun Indonesia.

Beuerna Indonesia koedoe nampa sabagian tina padjeg pangasilan noe dibajar di Nagri Walanda, boh di Nagri sedjen.

Maksoed koering—saoer toean Helfferich—lain rek njalahkeun ka kaom modal, lain rek njalahkeun ka oerang priboemi. Ieu mah ditjaritakeun soteh pikeun netelakeun kaajaan noe ajeuna. Ari noe ngadon boeniaga sakitoe maradjoena, ari priboemi sakitoe mereketetetna.

Sabab sababna geus sakitoe tetelana, noe matak pohara pisan bedana antara kamadjoean priboemi djeung semah. Toer ieu teh atjan poegoeh tereh tereh robah, da seuah mah sakitoe geloeng djadi hidjina djeung tohaga pagoejoebanana, ari priboemi salawasna pakia kia djeung ngeunah koe pangasilan noe loemajan bae, geusan nodoenan kaperloeanana noe teu sapira tea.

Karahardjaanana oerang priboemi moal katepi koe lantaran pangasilanana (boeroehanana) ditaekkeun, tapi Pamarentah noe koedoe njiar tarekah geusan ngamadjoekeun. Kawadjiban maskape maskape njaeta koedoe miloe oeroenan noe sapantesna.

Sabab ajeuna mah pohara saeutikna. Kaoentoengan noe sakitoe lobana teh lain bae koe lantaran katidjaksanaan noe djadi panoengtoen ti koelon djeung modalna. tapi babakoena koe sabab tanahna sakitoe lendona atawa loba barang tambangna djeung pagawe bangsa priboemi sakitoe moerahna.

Oepama kaoentoengan koedoe dipadjeg pantes pisan, sabab geus meh teu aja pikahariwangeun. Sapandjang masih loba keneh erongan kana piroegieun, tangtoe padjeg teh koerang adil. Tapi geura di dieu. Kontrakan Kontrakan baroga erpah djeung concessie noe meh teu aja ongkosna.

Sawareh kontrakan geus ngarasa koedoe koemaha adilna, boektina geuning geus aja noe ngoeroeskeun ka perloean priboemi koe ngadegkeun roemah sakit di wewengkon Kontrakanana, sakola sakola atawa noe sedjen sedjen. Tapi djalan kieu mah ngan oekoer sidekah, sasihna. Ari koedoena diwadjibkeun, dipaksa sakabeh kontrakan kontrakan miloe oeroenan, kakara meureun aja kaboektianana.

Koe ngajakeun padjeg kaoentoengan, noe baroga modal moal sapira kakeunaanana. Noe roegi mah Nagara tempat tjitjingna, sabab padjeg noe geus dibajar di dieu beunang dipake njangkoleng kana kahasilanana noe koedoe dipadjeg di tempat tjitjingna.

## Bitjara Helfferich.

Ieu toean, bibit boeit tanah Djerman, tjek roepa roepa kabar, hidji djempol tina oeroesan kabeungharan (economie.) Boektina, sanggeus 30 taboen boeboeara di tanah oerang, sarta soempingna teu djingdjing teu bawa, kadjaba ti pangarti kaeconomian, moelihna ka bali geusan ngadjadina pohara rebona, tjatjandakan anoe moal beak dipake rojal koe sapoetra garwana.

Samemehna angkat, aja noe pananggoeran, nja eta Redaktoer Aneta, toemaros koemaha pamanggihna Toean Helfferich tina perkara tanah Indonesia.

Ari mimitina mah teu kersaeun manjaoet, sabab saoerna bisi aja noe teu ngeunaheun, tapi bakating koe dikeleketek djeung dikeukeuhan, nja teu boeroeng boeka soeara.

Dina kasaoeranana teh, aja basa kieu:

Katjida pisan model ahengna, sapandjang koering di dieu bet teu nangenan pisan kamadjoean oerang priboemi, malah mah loba atoeran-atoeran kaajaan anoe beuki tambah moendoerna. Tanaga oerang priboemi teu bisa njaroean (mahalna, Corr.) kana roepa roepa tanaga mesin.

Tjoba bae talingakeun, oto oto pasalebroengan dina djalan herang litjinna beunang ngaspal, tapi ari priboemi mah ngabengkot nanggoeng, kesang tina mata mata, lalakon anoe sakitoe djaoehna.

Modal ti piloearan (buitenlandsch kapitaal) teu mamawa kamarasan ka oerang dieu, sanadjan ngalantarankeun loba pakoelian, anggoer mah mawa kamoendoeran. Katoeroeg toeroeg patanian pribadina ngadjadikeun oge lantaran kana teu aja kamadjoean. Asal geus boga sakopeun saroteun geus soegema.

Hal ieu tetela pisan, koe beubeunangan pamariksaan pamarentah tina bab kahiroepan oerang priboemi, djeung padjeg. Djigana teh geus saroegemaeun pisan nendjo priboemi, njasat geus hiroep teu kalempohan oge.

Ieu bitjara toean Djempol, moenggoeh keur noe poerah gede soengoet mah, abli tjotjorowokan ngagoengkeun maneh, anoe madjarkeun lamoen euweuh oerang Walanda mah, tangtoe oerang priboemi hiroepna kadoengsang doengsang, djeung taja petana Indonesia boga gedong ieu gedong itoe, roepa roepa sepoer, listrik gas djeung salianna, estoe matak peureus. Sidik taroekang bohong, toekang mepende, ngangeunah ngeunah, tjeuk bitjara Djempol mah. tjatjakan pada tatangga karadjaan; komo moen tjeuk noe ngarasakeun mah, ngan teu bisa pok bae heurin koe letah. Lamoen seug letahna teu dikadalian mah meureun kaboer, lipet reboe lipet ratoes pipeureusanana.

Ajeuna, aja noe sasaoeran kitoe, oerang mah ngan oekoer njeboet „**kantenan njakitoe pisan**".

Pisaksieunana atoeh, djol kebon tiwoe, pabrik goela, oerang Djawa mah sakitoe rara balangsakna, tanah keeng awak regeng, bisa njatoe make seuseut senat. Anoe balaketjrakan mah loebak libeuk rea ketan rea keton, batoer deui batoer deui, da maneh mah ngegel tjoeroek, ngan bati kabita, malah noe geus ngalarti mah ditambahan koe njalangkroeng tjimata, toegenah nalangsa, inget ka karoehoen karoehoenna anoe mabakan tjatjakar boemi,

Koeroeenjoeng roepa roepa kontrak, boh karet boh enteh, oerang mah ngan bati soesah tatanen, keur pihoemaeun kasedek sedek, tampolana loba noe beakeun, atoeh kapaksa koela koeli, ari beubeunanganana teu tjoekoep keur hiroep saanak bodjo, nepi ka kapaksa dahar dipoleng.

Saha ari noe senang? Batoer deui bae, sarapat serepet toempak noe teu dikoedaan, moen ngapoeng atoeh ngawang ngawang, moen saba laoet napak kantjang. Oerang mah groote massa seubeuh koe kekeboel djalan, minangka boeroehna diembohan koe soek sek kageleng, da reboe bidji ari noe tjilaka koe mobil bangsa Eropean mah.

**Pira pira sakitoe oge!!!**

Boektina tina grootbedrijven matak ngalobakeun kantor kantor di nagara nagara noe galede tjenah, tjara Batawi, Bandoeng, Semarang, Soerabaja enz. sarta ngalobaan pakoelian.

Poegoeh koe oerang oge, Haen, moal dileungitkeun, enja kitoe, tapi effectna nja tjara noe enggeus enggeus bae, da koeli priboemi mah oelin dina ketip, talen djeung tengahan, langka pisan anoe nepi kana perak djeung ringgit.

Nja boekti geuning manjisian, djati kasilih koe djoenti. Di kota kota redes bangsa asing, da moen koeli atoeh ngaratoes ngareboe, moen dagang modal ngalaksa, ari Haen mah pakatjar toekang „itoe tjokot ieu bawa".

Lain teu hajang, madjoe tjara batoer, tapi euweuh noe ngadjeudjeuhkeun, euweuh noe menerkeun, dimodalan boh koe doeit boh koe pangarti,

Tjenah meureun, naha atoeh teu ihtiar sorangan? Poegoeh ari koe kitoe tea mah, tapi da batoer oge memeh kitoe teh njasat diodjok odjok heula, boh modal, boh pangarti.

Naha teu diadjar?

Naha bisa diadjar teu make doeit, koedoe majar mahal, tjara sakola tinggi; djeung naha tjoekoep tempatna paranti diadjar? Tjing naha salah saha; salah Haen ari kitoe teh?

Aja sakola dessa!!, tjoekoep kana naon diadjar di sakola tinggi lemboer. Nja meudjeuhna bae keur diadjar tamba balangah, nepi ka kageleng mobil mah.

Geura mangga ari batoer mah, moen klein landbouw bisa ngandjoek pimodaleun ka goepermen, moen njieun pabrik ditoendjang modalna koe roepa roepa Soebsidi. Ari oerang?

Dipaparin sabaoe, doea baoe oge meh teu kagarap, da teu aja modal, nepi ka loba noe tjoel teu dipigawe.

Tjatjakan moen ieu dioeroes bener bener, koering nanggoeng, teu koedoe sakola landbouw heula, tangtoe teh priboemi, karet priboemi moal tjara ajeuna langkana.

Meudjeuhna pisan aja kasaoeran Djempol Helfferich kitoe teh, da reudjeung boektina, onderneming teh lain matak voordeelig tapi nadeelig ka Haen mah, da matak ngahalang halang tea.

Ngan aja . . . . . noe teu pati panoedjoe kana kasaoeran eta toean teh, anoe madjarkeun tatanen oerang matak teu madjoe.

Teu madjoe soteh, lamoen teu didjeudjeuhkeun, geura mangga lamoen ngadjeudjeuhkeunana tjara klein landbouw keur Eropean tea tangtoe sabehditoeeun ti tangtoe kamadjoeanana.

Tjoba bae petjak petjak dipadjoekeun di tanah Priangan beulah kidoel lanan.

Koering mah wani djadi boreh, jen tangtoe dina 4—5 taoen, rahardja kabina bina.

Ngan orokaja, moalna aja noe ngadjeudjeuhkeun teh, da bisi ngelehkeun ki Semah.

Ret deui bae, ngarentet, dikadalian koe koloni.

Toedjoeh eloek, timbangan koering mah, sapandjang tatjan boga kaaloeasaan mah, paling oentoeng oerang priboemi angger tjara ajeuna, ari boentoengna mah doeka teuing. Entong djaga djaga teuing, ajeuna oge kapan geus kalakonan.

Teu oemoem bae, ari tanah, soemawonna tjeuk oerang, kapan tjeuk Toean Helfferich oge tanah hedjo lembok, tapi ari djelemana henteu djatnika, kalah raboel diwerekan ka poelo kosong.

Ari bangsa asing mah raboel oenggal minggoe arasoep. Asa teu kaharti koe akal.

Sok soemawonna tjeuk toean Helfferich, tjatjakan tjeuk koering bangsa rodek hoeloe, moal aja systeem teu merenah. kadjaba ti ajeuna. Da diseboet aloesna teh ngan koe itoe bae, sabeulah, ari tjeuk noe sabeulah deui meureun tjenah vernietigend.

Moenggoeh atoeran aloes mah, koedoe ka ditoe ka dieu pada meunang, lain ngan hajang ngeunah sorangan.

Deui kasaoeran ieu Djempol, madjarkeun teh, ari hajang dahroeting tjotjog mah, lain koedoe koe ngoerangan keur roepa roepa kaperloean, tapi padjeg tambahan. Nambahan soteh lain nambahan noe geus aja, tapi pangasilan? anoe los ka tanah loear, tjara ka Amerika, Inggris, Holland djeung sabangsana, anoe ajeuna teu kapadjeg, eta koedoe diantjlah, sabab ajeuna noe kapadjeg teh tina kaoentoengan mangewon ewon, tjara dina taoen 1924, 400 joeta djeung 1925, aja 530 joeta, ngan kapadjeg vennootschapna bae, djoemblah djambleh 12½ pct.

Hal ieu koering oge, bareto waktoe aja voorstel minister van buitenlandsche Zaken di Holland, rek madjeg kaoentoengan noe los ka loear, geus noelis dina Sip. jen sakoer anoe boga kahiroepan ti Hindia, boh tina divindend, boh tina rente, boh tina hasil tanah, atawa noe meunang pansioen ti oerang, eta noe karitoe, oelah diperekeun teuing, tapi sabagian tina padjeg anoe dibajarna, koedoe kapimilik koe tanah noe mere kaoento

ngan. Kitoe adil sdilna.

Lain kena kena Hasn lindeuk, tjok deui tjok deui, mani geus botjok djeung goendil koe padjeg teh. Abong abong koeat majar. Koeat soteh, lain koeat eujaan, tapi ngoeat ngoeatkeun maneh, da ari boektina mah mangga onderzoek di pilemboeran sing bener, oelah beunang dibobodo, koemaha kaajaanana noe majar padjeg.

Aja meureun hesena tina bab ngadjalankeun teh, lantaran sieun ngoerangan kana datangna model ti nagara piloearan.

Meureun tjeuk oerang dieu mah teu aja halanganana, da sanadjan ngabroel oge, ari teu matak aja ka marasan mah. pinedoeleun. Kitoe deui mikirna, oelah ngan mikir kaperloean DEWEK bae, tapi ieu, orang banjak, naha rek diantep bae, sina gepeng kaja pepetek?

Oca Nany.

## Kahiroepan goeroe.

Sobat koering hidji mester, geus ngabrolkeun tina perkara hiroepna goeroe dina alam ajeuna, madjarkeun teh, geus teu diwidji widji, koem sakabeh goeroe priboemi meunangna koelian pang dianak—terekeunana. Di kolong langit tanah Indonesia mah, ti kidoel nepi ka kaler, ti koelon nepi ka wetan, ti handap nepi ka loehoer, moal aja teu adil dina atoeran majar koelian, kadjaba ti ka goeroe, malah beunang diseboetkeun Ratoening teu adil, madjarkeun teh. Sabab teu poegoeh alesanana tjenah. Dibanding banding kana lilana studie (diadjar), ngatjo beh ditoeeun ti ngatjo, ngadadasarau koe gawe ngatjaprak a'oedoe bi'llah, ngadadasaran koe waktoe, moetoeh koe gedjoel, noe poegoeh mah dasarna dasar willekeur.

Malah ajeuna, madjarkeun teh, koempoelan goeroe, P. G. H. B. meureun, keur rekes, sarta tjenah, afschriftna geus aja dina orgaan „Persatoean Goeroe" aloes kabina bina beunang diseboetkeun meesterstuk ari pagaweanana mah.

Ari koering barang ngadenge noe ngobrol maui sakitoe ledokna teh, bet karoenja bari seuri koneng.

Demi karoenjana, poegoeh enja bener kitoe, tjeuk pamongan anoe lain goeroe oge, iwal ti noe d o r o i, sidik teu adilna, estoe didjieun sisin dekelan, pikeun tamba boetoeh; pantes pisan bangsa kaom goeroe ngageurina. Mang abongkeun mang njeurikeun, mangtoegeuahkeun, mang seueulkeun, ari di dinjana mah, nadjan koering lain kaomna oge.

Di mana keur rekes, lamoen. . . . ngaralamen, njileuk bae, bari ngarep ngarep, da ari sod mah tatjan. Masih balabah!! Paribasa djawabna teh, pigoeroeeun mah balatak lakar daek, teu koedoe ngamahal mahal boeroehna. Toeh geuning negal anoe hajang djadi goeroe mah.

Tah kitoe pikiranana teh, henteu ari ngingetkeun atawa njekelan kaadilan mah, da werkgever tea, daek soekoer teu padoeli, aing mah kawasa, aing mah teu boetoeh, aing mah teu hajang diadjar. Paling aloes djawabna teh, atoeh oelah pidoeit teuing koedoe ngingetkeun kana ibadah, ngamadjoekeun bangsa sorangan.

Geuraheun ari goeroe goeroe, bet geus dianggap boga martabat W a l i. Da eta Tebeteo noe sangar teh, paribasa koedoe: „pasrah, lilalah, kerna Allah, . . . lah, . . . . . loh, masing beuteung koekoeroeboekan oge, peureummm bae."

Ari seuri konengna, lain moepoeas atawa njeungseurikeun, eta koe aksina teh ngan oekoer dina rekes teu aja oendakna. Ari rekes tea. rekes ngaraunа oge, boektina raj taoen reup boelan, ngan oekoer dipake parab karandjang kotor. Ari benerna, heug koe goeroe goeroe teh didjieun tjonto toeladan, da kitoe biasana.

Koering mah lain njaram oelah rekes, atawa oelah nembongkeun kabeurat, lain, da kitoe koe-loena, tapi oelah salantjar, koedoe dibaroeng koe aksi noe sedjen, oelah ngan ngarep ngarep panggalasan batoer bae saoemoer oemoer.

Nomer kahidji, tjing etjes etjeskeun ka djelema noe aja pakeunna mah, jen ari sakola ngan oekoer hajang djadi goeroe mah, diabirna moal aja deui gawe kadjaba ti makan ati, pinoeh koe ketjrek djeung arai oenggal menit. Aja oge radjeun noe pinanggih reudjeung kasenangan, eta mah katoeliskeun djoerig, tjara noe meunang lotre.

Nomer kadoeana, koedoe boga hajang moelja tjara batoer, noe teu kalawan ngarep ngarep panjidekahan, ngagoegoeloeng boeroehan anoe sok tara mahi tea. Djalanna mah roepa roepa asal daek djeung hajang, tapi oelah ngan dina hajang moeljana bae, teu reudjeung prakna milampah kana djalan noe dipikahajang tea. Ari ngan boga „hajang" woengkoel mah lapeer, tjara hajang pinter emboeng sakola.

Ari koe hajang mah, boh kabeungharan boh kapinteran, anoe enja hajangna moal boereng laksana.

Geura, mangga, moenggoeh keur goeroe goeroe noe aja dikota gede atawa rada gede mah, loba pisan bahanna geusan ngamadjoekeun diri teh, iwal tina kagoeroean anoe matak teu nangan.

Oepamana bae, djoeragan djoeragan goeroe bantoe anoe sanes tedak kweekschool, heug sing enjaan diadjar basa Walanda, sing bener hajangna reudjeung prakna dilampahkeun. Moestahil teu hasil, djeung moal enja koedoe makan ongkos banjak, ari maksoed mah. Dimana geus laksana, ihtiar neangan gawe sedjen, anoe aloes koelianana, tapi oelah moro djoelang ngaleupaskeun peusing sameneh tangtoe mah.

Geura moen geus bisa basana, toeloejkeun kana bahan sedjen, diadjar ngetik, stenographie, boekhouden djeung sabangsana. Asa abong belet atawa ngedoel, lamoen teu hasil dina 5—6 taoen teh. Pirakoe lamoen angkariboeng koe elmoe mah, teu moelja tjara bat er.

Ajeuna pikeun goeroe anoe kaloear ti Kweek djeung H. K. S., komo beuki babarina teh, asal daek bae. Geuning geus loba tjontona.

Sok pirakoe sageuj lamoen diadjar kanotarisan make teu barisa, pirakoe beda djeung djrg Soeardi, da saroea pada manoesa djeung vooropleidingna teu loehoer itoe, teu loehoer ieu. Tjenah eta hoream koe getolna djeung daekna!

Hih atoeh, ari borangan koe kitoe mah kokoh at bae kagoeroean, masing nepi ka boetak, manan tambah moelja mah, anggoer tambah leneng.

Djaba ti eta oge loba deui kapan di nagara gede mah roepa roepa cursus anoe matak mawa moelja di ahirna. Tjenah rada gede majarna, ari hajang djeung maksoed mah, dibelaan poeasa mati geni tjeuk wiwilanganana.

Pirakoe oepama boga acte boekhouding A djeung B, atawa kanotarisan, atawa akte stenographie, atawa moderne talen, ngan pajoe kana doeit doea-tiloe ratoes saboelan? Asa pirakoe euweuh pangadjina!!

Kitoe deui pirakoe boetoeh koe boeroeh kagoeroean, lamoen geus loba boga bahan mah.

Ari rek diadjar pikeun ngaloesan kagoeroean mah taja pedahna, masing nepi ka moeak logak oge moal matak moelja.

Ditoedoeh toedoeh ka mana noe koedoe ditoedjoe mah teu koedoe, da noe aja di Batawi, Bandoeng mah leuwih aroeninga, ngan koering mah noedoehkeun soteh koedoe maksoed djeung hajangna.

Deui kamadjoean mah tara tergantoeng ka batoer, tapi ka sorangan, madjoe moelja koedoe koe sorangan, da ngarep ngarep pamere departemen mah paeh manten.

Mangga ajeuna mah, tawakaltoe.

K.

## Bab Onderwijs di Volksraad

Tina ieu djoedoel, taja petana ari njaritakeun pamanggih tina sakoemna noe diadoe renjomkeun mah, ngan oekoer saeutik eutikeun bae, anoe karasa njeletit pisan kana ati. Tjara dina djawabanana wakil pamarentah bij monde van de Hr. Hardeman, Directeur Onderwijs. Kieu saoerna moen teu salah mah:

„Perkara pangadjaran Holl. Inl. onderwijs koe pamarentah katjida teu dimomorekeunana, sabab boekti dina angka angka taoen 1927 oge diantara oerang priboemi anoe meunang pangadjaran Nederlandsch Lager onderwijs Djoemblah djambleh 69000 boedak, toer boedak Walanda (Europeesche kinderen) mah NGAN 35600, sarta bangsa Tionghoa 23300 boedak.

Nilik eta angka angka tea, sidik pisan jen oerang priboemi panglobа-lobana noe meunang pangadjaran". Tjeuk dina B. Nieuwsblad.

Dasar wewedalan sakola tinggi bibit boeit nagri dingin tea, p o e g o e h b a e lamoen dipikir salantjar teu karana landoeng aisan mah, bener nja kitoe, estoe teu salah jen k i t a o r a n g zijn reeds niet onbeteekenend in de meerderheid. Tapi orokaja ari kaom Sipatahoenan mah sanadjan teu ditjaritakeun di dieu deui oge, hal noe kitoe mah geus aja dina sakoe, djiga soesah rek toemarimana kana pamepende pantar kitoe teh. Sabab sidik, lain koe bedja deui, jen bangsa priboemi teh lobana 50.000.000 terkadang leuwih, ari bangsa Europeanen mah koerang lebih ngan 600.000 ese. Djadi beunang diseboet ngan oekoer saperdalapan poeloehna. Demi angka noe tadi tea teu doea kalieun kalieun atjan, geura bae etang 69.000 : 35.600.

Koe sabab eta katrangan anoe dibedjakeun di Volksraad teh, lain nembongkeun kadjoenoenanana ngoeres Holl. Inl. onderwijs, tapi ngabaekeunana, sabab ngan oekoer $\frac{1}{2 \times 80}$ alias $\frac{1}{160}$ na diperloekeunana oepama nceroetkeun zielental.

Tapi oepama oerang ngeukeuhan kana $\frac{1}{160}$ na tea, oge koerang adil, sabab oerang mah djaba ti et , kapan dipaparin deui b a n g s a I n l. l a g e r o n d e r w i j s d j e u n g d e s s a o n d e r w i j s. Kapan moendel sanes!? (Ehh mm!).

Oerang priboemi tangtoe loba noe njeboet adil. lamoen noe genoten Holl. onderwijs teh kilangbara ari oenggal taoen samalioen atawa satengah mah, tjing atoeh sing ngaratoes ratoes reb e satoetoehna. Moen kitoe mah, meureun moal boga rasa djeung rasa.

Koe lantaran masih keneh kit e tatandinganana, katjida pisan panoedjoena ka para elid elid Volksraad, anoe masih ngetjeh tina bab ieu

Koering mah katjida hajangna terang koemaha panjoesoelna eta para elid dina tweede termijn, sabab djawaban pamarentah kitoe teh kakara dina eerste termijn. Tada temen oerang sarerea atohna, lamoen angka angka sakoer noe disaoe keun koe pamarentah tea, ditampiling koe angka angka deui, sab etoehna koe eta bae pamanggih Si Tjetok tea.

***

## Ngasoepkeun ka Sakola Walanda.

Bareto koering geus noelis tina perkara Co-educatie, meureun teu atjan lali, sanes!?

Tina sarsilah ieu, di Volksraad oge geus dialasorkeun ka tengah, nja eta koe djoeragan djoeragan Oetojo, Soejono djeung Soangkoepon. Arandjeunanana ngadongsok soepaja panto sakola Walanda keur oerang priboemi oelah rekep teuing dipeundeutanana, tapi sing aja geusan njelempet. Nja eta pikeun sakoer baroedak priboemi anoe kolot kolotna barisa basa Walanda djeung di imahna loba njarita basa Walanda.. Sabab, sapandjang sakola H. I. S. tatjan saroea pisan mah djeung sakola Walanda, moal petot petot oerang priboemi harajangeunana ngasoepkeun ka sakola Walanda.

Koe sabab kitoe, tangtoe karasana koe bangsa kaom terpeladjar (intellectueelen) teu adil pisan, lamoen maranehanana teu bisa ngasoepkeun seke selerna ka sakola Walanda.

Koering katjida moepakatna kana noelakan panto sakola Walanda, lamoen geus teu aja bedana sareboek samerang beeloe, antara H. I. S. djeung Eur. School. Tjara model djeung H C. S. Poer . . . bae, moen geus kitoe mah, pada keutjarkeun, sina abar.

Dina antara bepleiten tina perkara ieu, aja oge koering teu panoedjoena kana kasaoeran djago Soejono, lantaran dina pokpokanana aja kaom noe kapagoet, nepi ka matak bohak, lamoen noe epes meer mah. Tapi hadena bae, taja petana aja noe belikan.

Dina waktoe eta, djoeragan Soejono njokot tjonto toeladan, jen di West Java, aja kadjadian, ari anak goeroe, pilakadar goeroe, kaloearan ti Kweekschool, bet katampa asoep ka sakola Walanda, ari anak hidji Patih djeung Wadana, toer patih djeung Wadana kaloearan sakola Osvia djeung Bistir bet ditolak. Model aheng pisan!!

Boh dina ontwikkeling boh dina economie Patih djeung Wadana taja petana eleh koe eta goeroe, anoe koering (tjenah) njaho dina kaajaanana, anoe tatjan poegoeh bisa ngongkosan pikeun noelaejkeunana pangadjaran.

Sanadjan moal aja noe ambil poesing oge tina hal ieu, sabab ajeuna keur moesim e e n h e i d djeung taja petana dina kaom goeroe aja noe belikan tapi koering mah aja handjakal saeutik tina eta kasaoeran. (Tingali De Courant tanggal 20 Juli '28 eerste blad).

Lamoen seug koering mah, anoe hajang ka ditoe bade, ka dieu bade, moal kitoe pipokeun teh, tapi kieu:

„Koering katjida noehoenna ka pamarentah sarohna di bagian Pasoendan geus aja anak anak kaom goeroe priboemi anoe ditampa asoep ka sakola Walanda. Moega moega sateroesna kitoe, malah leuwih ti kitoe kahajang mah.

Tapi sadjeroning kitoe, aja anoe katjida matak handjakalna ka koering, sarohna di Pasoendan keneh aja anak anak hidji Patih djeung hidji Wadana, anoe kaloearan ti Osvia djeung Bestuur school, bet teu katampa ka sakola Walanda. Tina hal ieu moega pamarentah ngomean kakalироeanana sarta lamoen sangadja pangkitoena, neda katrangan noe sehat pisan."

Tjatjakan moen kitoe eta djago njaritana beuki tambah bae koering moedjina, djeung toemarimana, moal aja noe kasigeung, paingan aja basa 't b e s t e p a a r d s t r u i k e l t w e l e e n s.

Oca Nany

## Indonesische studenten.

Noe maraos meureun aremoet keneh perkarana Student bangsa oerang noe aja di Nagri, Pamarentah ngangkat hidji djelema pikeun djadi toekang nalingakeun diadjarna Studenten tea. Kalawan Adpisna ieu toekang nalingakeun, aja tjarita Pamarentah geus maksa ka sepoeh-sepoehna Studenten, soepaja oelah daek ngoeroes ka palapoetrana, noe dipambrih sangkan non man—nonoman tea robah haloean poelitikna, oelah *beureum*.

Ieu perkara koe Mr. Joekes, di Twoede Kamer, di Nagri geus dibedebar—beaskeun.

Di Volksraad diseoesoel koe djrg. Stokvis, njoehoenkeun ka Pamarentah katerangan noe saterang—terangna tina hal ieu.

Ari djawabna Pamarentah, ngan saoerang anoe geus *dielingan* teh. Kira-kira 2 taoen katoekang Pamarentah miwarang Resident Menado, ngabedjaan Algemeene ontvanger di di dinja, (Wilson) jen ti Mantri djadjahan loba pakabaran noe nerangkeun lakoe lampah anakna C. Ch. Wilson, (noe sok njeboet maneh Mononoetoe) geus keuna koe pangaroehna krom Kominis Eta antenar koedoe dibedjaan. jen oepama manehna angger ngabajoeau anakna saroea bae djeung moepoedjoehkeun kana kalakoean anoe paketrok djeung kawadjibanana ponggawa Nagara.

Ti Resident Menado meunang bedja jen djrg Wilson geus nitah anakna moelang ka Indonesia sarta ditjaritakeun kiriman doeit noe keur boelan Januari eta teh panoetoepna. Moal dikirim kirim deui, sabab kitoe parentah Nagara. Eta katjida salahna, tjeuk Pamarentah, sabab Pamarentah teu marentah, tapi ngelingan, soemawonna ari njingsieunan rek dilepas mah, henteu pisan-pisan.

Bisa djadi ari djrg. Wilson mah nganggap pangelingan Pamarentah saperti antjaman, tapi djrg. Stokvis, sing pertjaja, tjeuk Pamarentah, jen eta (antjaman) lain maksoedna Pamarentah teu rek tjampoer baoer tina hal ieu. Sabab saperkara sok pasalia harti (waweling dianggap antjaman), kadoeana pangelingan ti Pamarentah beunang dianggap euweuh toeahna.

. . . . . . . ,

Anoe pantes tea kana moal aja boeahna. Ari sababna kapan tjeuk paribasa Soenda oge „sagalak galakna maoeng moal ngahakan anak."

Petot bengo, da poegoeh tea anak. Arang langka aja noe totolosan. Ieu deui heug anak teh keur ngoembara di Nagara deungeun, toeroeg-toeroeg si kolot atjan aenal jakin kana kagorengan anakna. Pantes oepama pangelingan tea euweuh talna.. Lakoe lampah pangelingan ti doenoengan di golongan ponggawa nagara mah salawasna oge tina 100 meureun 99, koedoe dianggap *parentah*. Noe matak aja basa *parentah aloes*.

Soekoer bae pamarentah rek bi balik pikir mah. Balik-bi likanan teu kitoe, meureun kapertjajaan noe taji leungit, ajeuna rek eungi eut eungkeut, tapi geus njorosod deu, beuki njoetjoed pisan, njorolok ka handap.

Katjida njasatna kanjaah kolot nepi ka koedoe dibawa—bawa kana bagbagan kanagaraan. talingakeun *ponggawa nagara* lain koedoe nalingakeun *bapa boedak*. Oepama pamarentah t u bisa njingkirkeun maneh tina bedana partikoelir djeung dines, sok beuki komo ka handapna. Hanas anak kadjiret koe palanggeran nagara. eta mah risico bapa, lain risico ponggawa nagara.

## Kapangkatan djeung Agama.

Ieu teh hidji perkara, tjeuk „*De Courant*". noe perloe gantjang gantjang dioeroeskeun djeung dipoetoes.

Dina pasamoan Volksraad taoen toekang, toean C.C. van Helsdingen geus naroskeun ka Pamarentah, naha prijaji bangsa priboemi noe Agamana Kristen bisa dibenoem kana sagala kapangkatan? Wakil Pamarentah nerangkeun, jen koe Pamarentah tatjan bisa dipoetoes, lantaran atjan dibadamikeun.

Roepa-roepana ajeuna oge, sanggeus aja robahan paparentahan di sakola liah P. Djawa. ieu perkara atjan keneh bae dibadamikeun djeung dipoetoes.

Di Djawa Tengah djeung Djawa Wetan loba prijaji noe agamana Agama Kristen. Naha maranehanana, anoe katoektian katakepanana, moal bisa djadi Boepati, doemeh agamana Agama Kristen?

Ari bisa diangkat kana patih afdeeling mah (Zelfstandige Patih) hidji kapangkatan noe teu sabaraha bedana ti Boepati, tetela da geus aja boektina di Djawa Wetan.

Nceroetkeun tjarita, halanganana pikeun ngangkat prijaji kristen kana Boepati, nja eta agamana. Wet sama sakali teu ngahrang. Tapi lantaran Boepati dina theorie mah, djeung tjeuk instructie dianggap kapala agama Islam di bawahanana, djadi agamana oge koedoe agama Islam. Tina hal ieu Pamarentah djeung sarikat Islam beda tjetjekelanana. Noeroetkeun Agama Islam kapala noe kitoe teu aja. Pirang-pirang djelema noe nganggap ka Boepati lain Khalifatoel Moemimin, njaeta noe ngadjaring kaom Islam kana pangroeksakna ti pihak sedjen. Malah geus diprotes soepaja ngaran Boepati oelah diseboet seboet dina chotbach. Tjindekna dipenta, soepaja Agama oelah dibawa kana atoeran paparentahan.

Toeg ka kiwari Pamarentah teu ngagoegoe kana eta pamenta. Boepati tetep dianggap saperti kapalana kaom Islam djadi oge dianggap saperti kapalana Agama Islam. Oepama kitoe, atoeh prijaji Kristen barang tangtoe moal aja pangharepan kana diangkat djadi Boepati. Djadi manehna kapaksa koedoe milih milih bae, naha njokot agama atawa njokot kapangkatan. Kana saesahna djeung teu ngeunahna koedoe milih, tangtoe teu koedoe di tjaritakeun deui.

*De Courant* wawoeh ka hidji prijaji kristen noe pohara tjakepna pikeun diangkat kana djadi Boepati. Malah pangkatna ajeuna oge ngan beda sa eutik bae ti pangkat Boepati. Tapi sakitoe kantja-kantjana sagawe di kaboepaten — kaboepaten tatanggana, lantaran aja robahan paparentahan tea, geus diangkat kana Dalem, maneh na mah atjan keneh bae. Naha manehna boga pangharepan? Lamoen henteu, naha rek dikoemahakeun koe Pamarentah, sabab manehna atjan meudjeuhna dipangsioen toer pohara tjakepna pikeun naek pangkat.

Kahajangna *De Courant*, ieu perkara koedoe geuwat geuwat dipoetoes

***

Tah sakitoe oenina artikel dina *De Courant*.

Koering lain kaom Islam noe panatik. Koering teu nganggap ka djelema djelema noe lain agama Islam parab naraka, tapi dina lebah dieu, asa pohara soesahna pikeun mikeun kapangkatan Boepati ka noe Agamana Kristen. Lain ngahalang-halang djelema oelah ngagem agama sedjen, da

tadi ge disebz etkeun, koering mah teu panatik, tapi ari Boepati mah leb cdas.....

Saperkara: oepama prijaji *Kristen* bisa diangkat kana Boepati, atoeh *Walanda* oge meureun teu aja halanganana djadi Regen. Oepama Islam teu bisa djadi Resident, Kristen oge oelah bisa djadi Regent.

Kadoea perkara: kalolobaanana kaom Islam teu bisa loma bener, moal daekeun broek brak djeung noe sedjen Agamana. Tangtoe ana kitoe rahajat djeung kapalana moal bisa gooloeng djadi hidji, moal aja patalina (geen Contact). Tjatjakan ajeuna oge geus sakitoe pakia kiana. Ari ngaggap Khalifatoel Moeminin mah koering oge henteu ka Boepati ieh.

Moal boa koe soesahna noe djadi Pamarentah pikeun moetoes ieu perkara, sabab sanadjan mere kamerdikaan pikeun ngagem Agan naon bae, ari kaperloean nagara mah siga sigana moal loejoe oepama ngangkat bangsa Kristen kana Boepati.

**N.**

## ÉMOETKEUN.

•Noe teu atjan ngintoen artos langganan Sipatahoenan kw. III '28, dina ngawitan sasih Augustus '28 mah oelah lepat deui kedah diperloekeun.

Langganan noe keukeuh bae ditagih koe postwissel à kwitantie teu kersa majar, moal dikintoen deui Sipatahoenan.

### Wartos ti Administratie.

Lg. No. 740: Djoer. Djoehri noehoen katampi f 3.— kw. III IV '28

Lg. No. 794 R Sambas postwissel ti Manondjaja noehoen katampi. Noa f 3.— lebet kw. III IV '28.

Lg. No 950. Djoer. Oe Ks. noehoen katampi f 1,50.

Lg. No. 359 M. S. Bengkoelen. Postwissel f 3.— Mei '28 katampi anggoeun kw. I. II. '28, Djadi kw. III '28 mah teu atjan.

### Djodo noe didago-dago.

Kalawan panoehoenna „Hiboerankoe", noe ngaloearkeun boekoe boekoe Soenda, djrg. Bakri Soeraatmadja, noe ngarang „Elmoening kabangsaan" tea, geus ngarang deui hidji b ekoe, noe dingaranan „DJODO NOE DIDAGO DAGO". Sakoemaha adat biasa djr. Bakri, ahli poerwakanti, boekoena matak resep dibatjana.

Basana loejoe, hade. Eusina tagop pikeun pitjontoeun. Hargana teu sabaraha, ngan f 0,50.

Oepama hajang boga batjaan pikeun leleson, noe teu garibal loba paketrokna djeung djaman, wadjib meulina. Dina boekoe beunang djrg. Bakri Soeraatmadja moal manggih ana-chronismen saperti dina wawatjan beunang bangsa oerang noe loba. Saperti geuning dina wawatjan noe njaritakeun Padjadjaran atawa Rengganis, dina pesta pesta teh, tjenah.

dianegoeh koeeh tar boeatan Perstik. Padahal waktoe harita peujeum sampeu oge tjan poegoeh aja.

Deui boekoe DJODO NOE DIDAGO-DAGO dipapaes koe pirang pirang goegoeritan.

Dipapaes!

Enja, keuna eta ketjap teh. Bener dipapaes! Sabab goegoeritanana laloejoe, teu djanggal garihal.

Tjeuk programma bioskop tea mah: ziet en overtuigt u. Lebah dieu mah: mangga galeuh, saksian koe andjeun pribadi.

### Boneka dihoekoem.

*Tjiri saboemi, tjara sadesa.*

Deukeut wates Borneo bawahan Walanda djeung bawahan Inggris (Tidoengsche landen) aja kadjadian noe aneb, tjeuk *Soer. Hbl.*

Di dinja aja boedak Dajak, lalaki, ragrag tina tangkal boeah, lantaran dahanna noe dihoekan peunggas. Boedak ripoeh nepi ka maotna.

Sanggeus kitoe toeloej koe oerang dinja eta dahan noe potong teh didjieun boneka. Sanggeus djadi boneka toeloej dibawa ka toean kontrolir didawa geus maehan boedak. Lain heureuj, estoe noe enjaan tea, sabab oerang dinja mah adatna: ngandjoek oejah, taoer oejah.

Kontrolir toeloej miwarangan hidji kiai pingonderzoekeun eta perkara. Sasaleena papariksaan toeloej boneka teh dikaloearkeun ti boei, sabab eta boneka diperkentit (preventief gezet); sarta teroes dideuheuskeun deui ka toean Kontrolir. Sadjalan djalan ramean saloesoerakan, taretembangan, lir iberat noe mawa hoeloe moesoeh beunang nigas.

Atoeh Kontrolir, sanadjan dina hatena meureun njeungseurikeun, mariksa deui eta perkara sarta toengtoengna ngaragragkeun hoekoeman ka boneka. Satoetasna djelema djelema maroelang sarta soegema, dae meh geus katjoemponan rasa kaadilanana, adatna,

Aja aja bae kaanehan alam!

**N.**

### Normaalschool saroea djeung cursus goeroe desa???

Samboengan.

Moerid moerid sakola desa djeung sakola klas II koedoe koe akina ata


**Djoeragan! Djoeragan! ISTRI**

Ngawitan ti sasih ieu pribados, parantos njajagikeun roepi-roepi entjit, anoe roepi roepi kembang Sareng marodei pisan, dina pangaos nanggel tiasa langkoeng mirah ti toko noe arageung, bilih kirang pertjanten enggal ajeuna njeratan njoehoenkeun roepi-roepi tjontona, koe pribados dikintoen Gratis ka adres.

HALIM

West passar Straat 16
BANDOENG.



NEMBE PARANTOS DITJITAK

boekoe

**„DJODO NOE DIDAGO-DAGO"**

Ieu boekoe sanes bae eusina anoe sae teh, nanging potongan boekoena oge, teu kinten loetjoena, toeroeg-toeroeg nganggo gambar anoe teu kinten manisna.

Oepami parantos ningali ieu boekoe, tangtos pisan seueur anoe njebatkeun mirah teuing henteu ninggang kana pangaosna anoe mœeng f 0,50 mapan kandelna oge parantos aja 79 katja. Komo deui ieu mah dikarangna oge koe kokodjo Pag. Pasoendan, Djrg. Bakrie Soeraatmadja tea.

Soepados oelah doegi ka seepeun, mangga enggal ngintoenkeun postwissel f 0.55 atanapi postzegel anoe sami pangaosna. Kanteuan Djoeragan tiasa nampi ieu boekoe di boemi, teu kedah majar deui,

Anoe ngadjeng-ngadjeng

**Boekhandel en Drukkerij „Economij"**

Kaoem No. 34, telefoon No. 1390
BANDOENG.



**Toko BOEKOE en DRUKKERIJ**

**Tjitandoej v/h Pasoendan**

Tasikmalaja.

Pangaos boekoe boekoe dimirahkeun, pangadjaran pangadjaran H. I. S. sareng sakola II sajagi, ti Bale Poestaka sareng wedalan Toko boekoe noe sanes sanes.

Nampi tjitakeun ageung alit.

| | | |
|---|---|---|
| Wawatjan Satria Toenggara | | f 0 75 |
| „ | Loekmanoelhakim | f 0 75 |
| „ | Wajang Poerwa III | f 1 25 |
| „ | „ „ I | f 1 25 |

Poendoet daptarna.



**TEGEL FABRIEK „NAJA"**

Goenoengsabeulah Tasikmalaja.

—o—

Sajagi roepi roepi tegel, beton buizen (koeloewoeng) sareng beton roosters.

Pangaos sareng kakiatan di tanggel ngabingahkeun. Prijs lijst sareng monster tiasa di poendoet gratis.

Noe ngadjeng ngadjeng

**S. Najawilaga.**



**Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENG).**

Tasikmalaja Telefoon No. 2.

Sajagi Kareta Mesin Simplex sareng sanes-sanes Merk Europa, Band-band Auto Merk Goodrich, Michelin, Goodyear, Dunlop, sakalian sareng parabot pikeun Auto (onderdeelen).

Sajagi roepa-roepa glas (loemoer) saperti Beureum, hedjo, blao, koneng kolot, bodas sareng nganggo strip roepa-roepa, aja deui anoe nganggo leter monogram koe aer mas, sae pisan pikeun soepenier

Sareng roepa-roepa keler (stopflesch) anoe marode, roepa-roepa lampoe batre, anoe parantos kasohor kakoewatanana, dina waktoe ajeuna keur rame pisan anoe ngaranggo bedil angin (windbuks) pikeun plesiran, nja eta keur bladjar nembak atawa keur manoek, badjing, tjareuh, ganggarangan anoe sok ngaroeksak kana pipiaraan, heulang, kalong, sareng sadjabi ti eta sato sato anoe ngaroeksak, tangtos tiasa kenging koe B. S. A. tea

Lantaran teu nganggo vergunning, noe mawi di sajagikeun njondong roepi² anoe kaliber 5½ sareng 4½, nja eta merk B. S. A. anoe mashoer kakiatanana sareng saena, pelorna sajagi tjoekoep, sadjabi ti eta, sajagi roepi roepi Eetservies (stelan piring makan) anoe pikeun 6 djalmi (noe 12 djalmi), sareng roepa roepa djam (lotjeng) Westminster, erlodji anoe sarae, peso silet peso tjoekoer goenting mesin anoe parantos mashoer kasaeanana, njondong roepi roepi oekoeran filter (saringan tjai) pikeun ngadjagi kawarasan, atawa kasehatan.



**TOKO KHOUW SIAUW SENG (TOKO BENG)**

Tasikmalaja.

Djaman kamadjoean, kitoe deui ajeuna pikeun ngentengkeun kana perdjalanan, disajagikeun Autobus anoe brangkat ti

Tasikmalaja djam ½6 Bandoeng, djam 12

(via Limbangan—Malangbong)

Tasikmalaja ± djam 3 endjing noe mios ka Cheribon.

„ „ „ 1 siang noe mios ka Cheribon

ti Cheribon ka Tasikmalaja

± djam 4 endjing mios ka Tasikmalaja

± „ 8 siang „ „ „

ti Tasikmalaja ka Garoet.

Tasikmalaja ± djam 7 endjing dongkap ka Garoet djam 10

Garoet ± djam 1 siang dongkap ka Tasikmalaja djam 4

ti Tasikmalaja ka Karangnoenggal

± djam 6 mios ka Karangnoenggal
± „ 9 „ „ „
± „ 1 „ „ „

ti Karangnoenggal ka Tasikmalaja

± djam 6 endjing mios ka Tasikmalaja
± „ 9 „ „ „
± „ 1 siang „ „ „

Sadaja autobus brangkatna ti pajeneun toko BENG.



Di Regentschapswerken Tjiamis aja lowongan pangkat Adspirant—Opzichter. Gadjih noeroetkeun Regentschaps Bezoldiging Verordening Schaal B. 12 Kolom I (Provinciale Bezoldigings Verordening Pasoendan Schaal B. 12 Kolom I).

Anoe ngalamar kedah ngintoenkeun rekest dina zegel disarengan koe diploma pikeun eta padamelan sareng verklaring-verklaring.

Tjiamis, 21 JULI 1928.
Boepati Tjiamis,
**SASTRAWINATA.**



**ADVIES-BUREAU Dr. SAMSI**

**Regentsweg 8 Bandoeng Telefoon No. 2107.**

Ngoeroes sareng ngontrole Boekoe Dagang.

Ngoeroes sagala atoeran Padjeg (Belasting). ngarekeskeun noe kaabotan s. d. t.

Ngoeroeskeun perkara Economie sareng djadi perantaraän dina sagala atoeran Dagang.

Moendoet katerangan saparantosna toetoep kantor ka Telefoon No. 2328. Bd.

**Kantor di:**

**Tasikmalaja** **Stationsweg No. 33.**

**Tjiandjoer** **Groote Postweg.**



**ROBINON** **ROBINON**

Jang amat perloe disediakan di dalem semoea roemah tangga!
jang amat perloe boeat orang toea atawa moeda:

**„ROBINON"**

**HUID-en WONDOLIE**

Minjak obat boeat SEGALA penjakit koelit dan SEGALA — loeka-loeka, besar ketjil. —

(Koelitnja digosok, loekanja ditoetoep sadja sama kapoek — pake minjak. —

**ROBINON** tida ada laen dari **ROBINON**

Satoe minjak jang ditanggoeng pasti dan dapet menjemboehken roepa-roepa penjakit koelit dan keroeksakan daging.

Harga satoe flacon 10 Gram . . . . f 0.25
20 „ . . . . . f 0 50
30 „ . . . . . f 0.75

Pembeli boeat djoeal lagi dapet korting dari 10% sampe 30%.

**Fabriek „I L T A"**

TASIKMALAJA.

Bisa dapet beli dari OEIJ HAN LIE Batikhandel Tasikmalaja.

**Djoega sedia tempat sirih harga per stel f 15.**





**Ketoe Oedeng Makerij**

**HALIM**

**West Pasar straat 16 Bandoeng**



Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng sateraana noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 3.— f 3.50 f 4.— f 5.—.

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—
1 „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Oepami oedeng Dubbel tambih f 0,50. Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2,50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan nganggo. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

**Prijscourant teu sajagi.**



**INGENIEURS en ARCHITECTEN BUREAU**

**Ir. Soekarno en Ir. Anwari.**

Regentsweg 8, Bandoeng.

Nampi saniskanten padamelan anoe nganggo projekten pikeun saniskanten adegan, kajaning imah—fabriek—goedang—masigit—djambatan sareng sadjabina ti eta, ti noe PANG ALITNA doegi ka noe PANG AGEUNGNA.

wa koe ninina beunang oge koe adina noe masih keueh njoesoe; pikeun moerid moerid H. I. S. koedoe didjedjegan koe sakola desa, pikeun Mulo koedoe ditambahan sakola kl. II; pikeun moerid moerid H. B. S., A. M. S., Nias; sareng sabangsana koedoe diembohan ti H. I. S, pikeun studenten ti Mulo enz. etc; sarta teu kalawan diexamen heula.

Tah ieu systeem teh „systeem Kambodja" *tjoltjog* djeung systeem anoe ajeuna geus aja sarta berdjalan di N. S. Pwk: Ieu systeem koering oge koedoe boeroe boeroe didjalankeun, moen henteu, atoeh „systeem Poerwakarta" oge koedoe boeroe boeroe kirimkeun deui ka museum alias pirjeun, lamoen henteu, tetela eta „systeem oelad alidua" teh.

Tapi kana ieu kadjadian, koering aja oge paudoekna, lamoen nampana teh kalawan diexamen heula. Naon sababna pang koering menta diexamen heula?

Apan meureun mana ditampa oge tjoekoep pangartina. Bisa djadi kitoe, tapi ari koering mah moal waka pertjaja, da henteu aja tandana nja eta diexamen tea. Da poegoeh bae ari ngomong sorangan bisa kieu bisa kitoe mah gampang, tjek babasan nadjan ngakoekeun bisa ngoekir langit, milang bentang oge taja halanganana, da moal matak dihoekoem ieuh. Tjara tjek toekang ngarit: „pangarti koering saroea djeung kangdjeng dalem"; moal aja noe ngahoekoem. Tjek kaloearan sakola desa: „Wah, nadjan kaloearan Hoogeschool oge pangartina mah saroea bae djeung dewek." Ieu oge moal aja noe ngahoekoem, da loear garis, taja dina wet, soegan!

*Djadi* pikeun koering mah, entong entong ti Cursus goeroe desa, nadjan ti sakola desana oge ari bener tjoekoep mah pangartina pikeun di N. S. kl. II taja halanganana, asal diexamen heula, malah koering mah—tjek ahli basa tea mah—hoengah marwata soeta, sabab: kahidji lamoen kadjadian kitoe tangtoe bangsa oerang tereh madjoe, lantaran paugadjaranana c. g. desa saroea djeung Normaalschool. Leuh, atoh temen, memang eta noe diarep arep, moegi moegi bae—moen enja!—sing toeloej—toemoeloej; kadoea djalma anoe tadina teu njaho pangadjaranana N. S. djadi terang; katiloe koe sabab aja pangbibita, tangtoe bangsa oerang loba (tereh) madjoena, tjara tauah deungeun.

*Koering* rek njimpang heula saeutik kana cursus goeroe bantoe di Bandoeng. Kana goemelarna ieu cursus ka alam martjapada, koering ngoetjap reboe reboe noehoen, kate ranganana tjara di loehoer. Ngan, moega moega bae dina milihna noe bakal asoep. oelah make „systeem rotjet" tjara di Pwk:

Panoetcep ieu karangan lamoen bener teu diexamen heula, koering aja niat ngaloearkeun ketjap „boa boa", da kitoe geuning. Njoehoenkeun miwah ka saha bae soepaja kersa maparin katerangan, naon noe djadi margina, pang eta moerid ditampi ka kl. II teu kalawan diexamen (?) deui. Dina „Sipt" deui oge sae, diantos antos pisan!

N. S. er.

Tk. 10/6-'28.

## Tawis katineung sareng kagegelan ka Djoeragan Atmawinata sarimbit

Goeroe H. I. S. Pasoendan anoe ngalih ka Batawi.

DANGDANGGOELA.

I. Goesti Alloh sipat moerah asih, noe nibankeun rachmat daoelatna, sagokkan koe matak belok, nanging koemaha atoeh, da parantos kitoe nindih pasti, ninggang kana oegana, jen kedah dikantoen, sapertos boekti ajeuna, ditilar koe Panoengtoen anoe sadjati, noe toehoe tegoeh set'ja.

II. Anoe boekti ngaramekeun ati; ngahoedangkeun roa tjita-tjita, noe djadi adjeng pang rodjong, ajeuna bade ngantoen, nilar Tasik ngalih ka Batawi, hamo kenging dihalang, kersaning Jang Agoeng, Djoeragan Atmawinata, moegi moegi masing wiloedjeng basoeki, katoet sapoetra garwa.

III. Saliwat mah karaos meupeurih, djoeragan teh sapertos ngahadja, bade mondokkeun lalakon, emoet djaman kapoengkoer, ngaredjehkeun di Bogor bihari, Siliwangi kagoegah taoen welasan toetoep, ladjeng ngalih Njoekapoera, ngagerakkeun Pasoendan doegi ka ribrib, nja reuaj barasahan,

IV. Boedi djasa djoeragan kaboekti, hal „wiwaha lan joedanagara", soemawon lebah papaten, nalang njoeudang noe boetoeh, goejoeb roekoen dibangoen ngahidji, lebah B. K. ajeuna, elid toedjoeh ratoes, kawit saratoes sawidak, tina tjengeng tjepet noe djadi kamoedi, toh pati sajaktosna.

V. Sa'at ieu djoeragan teh ngalih, nilar roepi roepi boeboeahan, noe kantoen mipitan bae, iklas bade dikantoen, ngabingahkeun noe kantoen di Tasik, nja dalah dikoemaha, margi ke di ditoe, ngahoedang deui Djaketra, namoeng samboeng pidoenga moegi lastari, tinekan noe dimaksad.

VI. Ngahatoerkeun soegeng moela manti. klajan sama baroedak Pasoendan. Padvinderana sampoeneneng, pra sepoehna nja kitoe, elid elid Pasoendan teu kari, Boedi Kaprijajian, mitra kaoem Goeroe, ti kantja mitra noe tjiuta, sareng deui ti para Kaoem Moeslimin, para ichwan sahabat.

VII. Moeng minangka kaweningan ati, tawis honeng teu kinten laip mah, opat roepi moeng teu model, kanggo pangemoet ngemoet, Tawis sotja anggoeun sarimbit, disarengan panedja, moegi lambat lamboet, diaranggo koe andjeunna, masing emoet ka anoe mangkoek di Tasik, noe sanget arabotna.

Tasikmalaja, 29 Juli 1928.

N. B. Dimamaoskeun dina waktos mestakeun ngalihna, wengi Minggoe 29/30 Juli '28 di Soos K. M. Tasikmalaja.

## Pikiran!

mo sae teu pipiloeeun.

Taoen ka 5 palebah mangsa „tas kapat", oosoem toewoeh dangdaoenan, miang-miang rek toeahan.

Patani soeka-seuri ningal sasoegrining kekembangan, noe beukah noe koedoe, koedoe daek!

Basa daek daek dewek, pamali toedoeh—apoengan sabeunjeureun sasieureun ari leukeun, geuning sireum atawa njiroean, koemaha ?!

Minangka pamoeka tjarita pieusieun taoen ka 5 ieu:

Tjitandoej djeung Rawa Onom!

Mireng deui wartos tjenah Tjitandoej rek dipengkolkeun, rek dialap tjaina keur njaian Manondjaja, Tjimaragas, Bandjar.

Mireng deui wartos tjenah Rawa Onom rek (keur) di bantja dihoeka.

Koe ieu doea kadjadian, lamoen toeloes geus kagambar pimadjoeeunana Priangan wetan, Bodjong Pasoendan.

Ningal deui kana kaajaan Bandjar ajeuna, rambeteun (ojoseun), geus mendjeulna diberesan, akarna geus makan katawis hedjo daoenna.

Naon pihartieunana kareta Bandjar Parigi engkeh sanggeus Tjitandoej kaalap tjaina, sanggeus Lakbok soeroed botrokna, sanggeus onom mendjelma djadi deui Kanoman keur Bandjar. Jaktos Rawa Onom ajana di Tjiamis, dioesahakeun koe Tjiamis tea onaman, nanging uit een economisch oogpunt mah tetela keur Bandjar.

Djerit Dewi Asri (1) nangis,
basana: „Engkang toeloengan"
„angkat net kadalon-dalon"
„poho ka pasang-soetaja,"
„saoer Engkang arek bela"
„kari-kari geuning soewoeng"
„Landbouw leeraar tatjan aja" (2)

(1) overige Tjiamis.

(2) Grondverbetering.

M. G. K.
Goeroe bantoe Bodjong Tjiamis.

## Pagoejoeban anjar.

Toean Zentgraaff barete geus metjak—metjak pikeun ngahidjikeun sakabeh bangsa koelit dina hidji pagoejoeban, noe koe marehna dingaranan „Blanke front". Ari maksoedna taja lian djaba ti koedoe nakis aksina bangsa priboemi. Roepa-roepana kalobaanana Walanda-Walanda teu bisa njotjogan, lantaran risi bisi perbedaan antara semah djeung priboemi beuki gede. Oepama „Blanke front" diadegkeun, engke naon pidjawabeunana oerang dieu.

Kaboektianana ajeuna kapiheulaan babar. „Blanke front" henteu djadi, . . . . P.P.P.K.I. goebrag goemelar.

Ajeuna-ajeuna maksoedna toean Zentgraaff kawas . . . kawasl bakal laksana. Dina *Java Bode* geus aja tjarita, rek ngadegkeun pagoejoeban anjar, noe djoedoelna teu beda ti „Blanke front" made in Soerabaja.

Kawasna bae barang heubeul, ngaran anjar. Ajeuna mah diseboetna teh henteu negel teuing, rada njoempoet meunausan njaeta: „Nationale Concentratie" Tjeuk Soenda mah meureun Poeseur kabangsaan.

Bangsa naon?

Nja Walanda atoeh. Henteu ari Walanda woengkoel mah sabab aja kanda, madjar oerang priboemi noe satia loyaal. bisa diasoepkeun kana Poeseur kabangsaan tea.

Akal ieu oge henteu bol oedjoeg oedjoeg pada njotjogan. Tjeuk sawareh oepama aja Nationale Concentratie tea, barang tangtoe semah djeung priboemi beuki renggang.

Koe ngaranna oge geus nembongkeun bakal aing-aingan. Enja pokna teh, ari aja kalonggaran tea mah pikeun bangsa priboemi, noe sadjalan baloeanana djeung Walanda pikeun asoep erokaja kasieun *De Loc.* eta tempat noe diadjamkeun keur priboemi tea kosong saoemoer-oemoer.....

Ingetan koering kosong pisan moal, ngan moal loba. Sabab sing saha noe djedjeg deuleuna, djedjeg rasana meureun rek asoep teh eraeun koe kalangkangna.

Naon noe rek didjieun angkeuhan, naon tjirina make kaasoep kana Nationale Concentratie *Walanda?*

Djaba ti meureun pada aja dina kaom kaagoengan mah, noe boetoeh koe kalanggenganana papareutahan Walanda di dieu; sabab alasna matjekil, kawas teu aja deui. Parandene kitoe saha noe njaho!

Boektina P.E.B. oge loba noe dibelaan soesoempoetan, da ari kaera mah aja. Ari henteu mihapekeun beuteung!

N.

## Kebon-kebon karet.

Soepados oelah moetoeskeun pangharepan ka noe ngarebon karet di oerang, reh parantos rame dimana mana madjar karet toeroen pangaosna, bade ditjarioskeun ringkesna, pangna pangaos karet toeroen.

Di djadjahan Ingris anoe pang ageung ageungna hal dagangan karet doegi ka 3/4 bagian tina dagangan karet di doenja, parantos aja atoeran Rubberrestrictie ti taoen 1923 moela, maksoedna nangtoekeun watesna reana karet anoe didagangkeun ditawahanana, djadi ngaloearkeun karet teh teu meunang sakama-kama, noe di palar sangkan karet ngger harga na di loehoer. Hal ieu ka Pamareutah Walanda oge ngadjak, tapi teu digoegoe lantaran roa halanganana, noe matak di oerang mah satakerna bae ngaloearkeunana teh.

Pamarentah Inggris aja maksoedna dina boelan November '28 rek ngaleungitkeun atoeran „restrictie"; koe kakara oge arek, ajeuna karet harganа geus kahandap, komo oepama geus prakna.

Engke kaharti pangna djadi moerah da rea tea karetna, teu disengker deui koe eta atoeran. Biasa di oerang bae ajeuna, dimana dibaroeat rea beas, tangtoe moerahna.

Oelah poetoes harepan doemeh karet toeroen, Margina:

Pabrik-pabrik anoe njarieun barang barang tina karet aja ihtiarna rek njieun barang tiroean, da karet mah mahal tea. nja kitoe deui barang barang karet noe geus diparake sakali bakal digoenakeun deui.

Djadi oepama karet teh rea (moerah) tangtoe bae eta pabrik pabrik teh moal njieun tiroean, tapi tina karet toelen (da rea tea sarta harganana miring).

Tjindekna samadjan karet toeroen harganа, rea noe baris makena meh sami sareng teu sakoemaha toeroenna oge.

Kapajoen mah bos oebin oge koe karet, soemawonna papakean mah.

P. P.


TAN JOE AN
TOEKANG GIGI
Dimoeka Pasar Tasikmalaja

Saja bisa bikin gigi roepa-roepa dan bisa obatin penjakit gigi.
Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantes



Kleermaker M. SOEKARDI
Gang Bruijns & Thijssen No. 8.
BANDOENG.

Trima pekerdjaan boeat bikin segala roepa pakean boeat Toean toean menoeroet model baroe dan enak dipakenja. Ditanggoeng baik, lekas dan harga lebih moerah. Soedah dapet soerat poedjian dari Regent Pandeglang.

Djoega ada sedia roepa roepa kaen.



Preanger Chemicalien Handel
Telefoon No. 76.

Selamanja sedia roepa-roepa obat patent dan lain lainnja, Minoeman, Seroetoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncills, dan pekakas potret.



Para Djoeragan sareng saderek saderek pameget istri.

Oepami angkat ka Bandoeng oelah lepat, moegi karoelem di

HOTEL SLAMET
BANDOENG.
Kebondjatiweg 41
angkat ti Station kinten 8 menit.

Tarief Klas I f 2.— doeaan f 3.—
„ II f 1.50 „ f 2.50

sonten vrij thee, endjing endjing kenging koffie soesoe endog hajam sareng roti.

Ieu Hotel kaetang ageung, pamandangan hegar, nganggo verdieping (balkon), rawatan beresih, lampoe electrisch, tjai leiding, djongos satia, gampil angkat-angkatan ka tempat anoe rame-rame margi tjaraket.

Hormat noe ngadjeng ngadjeng
E. Carno
Eigenaar.



TOKO
NIC MULLER
Geenoengladoe 15 Telepon No. 26.
TASIKMALAJA.
SAGALA LANDONG SAJAGI.

Oepami moendoet prijskoran kenging pry.

Anoe parantos kenal di toko kenging NGABON (rekening) Rembours ka mana-mana anoe teu atjan kenal.

Sajagi: Verbandtrommel (tromel anoe dieusi koe sagala kaperloean di noe tebih ti dokter atanapi ti roemah sakit. Pohara perloe disajagikeun di dessa.

kabar djeung atoeranana kenging di toko.

Pangaos compleet moeng f 12,50

Sajagi: PAINKILLER (landong sariboe goena) anoe tiasa dianggo kana sagala kasawat di djero sareng tiasa dianggo ngosok salira.

Sajagi: TJELEP (sipoehan) anggoeun njelep raksoekan, samping badjoe s. n. k.

Sajagi. Sagala landong Patent sareng sagala landong noe sanes². Pangaos tjotjog pisan.

Sajagi: Bangsa kolonjo, lisah seungit wedak wedakan, pendekna ka perloean toilet istri sareng pameget.

Sajagi: Sesepeun sareng goela-goela.

Mangga tingalian, ka toko, di tampi sareng kaweningan hate.

Noe ngantos

NIC MULLER.



Schoenmakerij en Kleermakerij
„Malah Mandar"
Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggeun pameget ajanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slopslop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeladoe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan
O. Sasmita.



Toko OBAT G. M. SHEKH SAHIB
dari Hindoestan
Pasarweg No. 32 Tjihideung Gede
TASIKMALAJA.

Dalem tiga boelan gratis (tida oesah bajar) bisa bikin baik penjakit aambeien (bawasir, ambej) dalam 2 minggoe tanggoeng baik.

Dengan bajaran bisa bikin semboeh penjakit apa sadja, seperti sakit kentjing, syphilis (radjasinga), penjakit koelit, sakit astma (mengi), perempoean kotoran koerang baik dan segala roepa penjakit jang lain lain. Semoea djadi baik zonder operatie.



Toko Boekoe
TROMP DE HAAS
voorheen toko WEBER
DJALAN STATION № 12. TELF. № 13.

Sajagi roepi-roepi: Vulpen houder sareng parabot sakola sareng Kantor Ngitjal penmas pikeun vulpen.